



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL AUBURN KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON NEW YORK SANTRAL NAN KAD TWAZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral la pou Revitalize Sant Vil Auburn lan*

*Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè Cuomo a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la*

*Investisman pou Revitalizasyon Anba Lavil yo Se Yon Pati Krisyal nan Inisyativ “CNY Rising” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Vil Auburn pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan New York Santral lan nan kad twazyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak nan de premye faz DRI a yo, yo chwazi yon sant vil nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo lè yo transfòme sant yo pou yo vin tounen katye dinamik kote pwochè jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve yon fanmi.

“Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap redinamize kominote toupatou atravè New York la yo, sa k ap transfòme sant vil yo pou yo vin tounen motè ekonomik pou kominote yo ak pi lwen toujou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Vil Auburn lan deja sèvi kòm yon destinasyon vwayaj florisant ki gen yon ekonomi an plen esò, epi investisman sa a pral amelyore resous ki la deja yo epi sipòte nouvo pwojè ki pral fè New York Santral kontinye rete florisant ak an kwasans pandan anpil jenerasyon.”

### **Auburn**

Vil Auburn lan sèvi kòm syèj Konte Cayuga epi se dezyèm pi gran vil nan New York Santral. Auburn gen yon istwa fasinan nan zafè kouran idwoelektrik ak mekanizasyon agrikòl ansanm ak avansman mouvman dwa imen yo ki gen ladan abolisyonism, dwa fanm yo, refòm prizon yo, ak mouvman an favè tanperans. Antake “Vil Orijin Istwa”, Auburn te vin tounen yon destinasyon vwayaj premye plan epi yo te nonme l kòm

meyè ti vil pou moun elve yon fanmi. Pandan investisman piblik ak prive, efò planifikasyon lokal, ak pwojè enfrastrikti kapital yo te fè resaman yo te kòmanse akselere redevlopman sant vil la, gen travay ki rete pou fèt toujou sou bò rivaj rivyè Vil la, nan koridò transpò yo, ak nan distri atizay la, ki gen ladan zòn investisman DRI a epi ofri meyè potansyèl pou revitalizasyon pwopriyete vid yo ak amelyorasyon koridò a. Vil la ap chèche kontinye elan devlopman yo te pran resaman atravè restorasyon yon sant vil istorik ki anba enpak renouvèlman iben epi revitalize pwopriyete vid ki nan zòn endistriyèl dezafekte yo ak sou bò rivaj rivyè a. Pou rantabilize fon DRI yo, lidèchip Vil la te adopte yon kanpay “#This Place Matters” (Kote sa Konte) pou atenn 40 milyon dola nan fon piblik ak prive pou investi nan sant vil la.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral lan (Central New York Regional Economic Development Council) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon kominote atravè rejyon an yo te bay yo, epi yo te konsidere toule uit kritè ki anba la yo anvan ke yo te rekòmande Auburn kòm chwa yo nonme pou prim sibvansyon DRI a:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan investisman estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Auburn lan nan kad twazyèm faz DRI la bal dwa pou l resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta pou l revitalize katye nan sant vil li yo epi kreye kwasans alontèm. Kounye a, Auburn rejwenn vil Oswego ak Cortland, ki te gayan New York Santral la yo pandan premye ak dezyèm faz DRI a yo, respektivman.

“Antake yon moun ki paka konte konbyen li al Auburn deja pou vizite lye tankou Harriet Tubman Homestead ak William Seward House la, mwen konnen konbyen finansman sa a pral enpòtan pou ranfòse kominote dinamik sa a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon eleman fondamantal nan estrateji devlopman ekonomik rejyon nò nou an paske nou konnen ke yon sant vil

florisan ka yon katalizè ekonomik pou tout rejyon an. Pwojè yo pral amelyore zòn bò rivaj rivyè Auburn lan yo epi amelyore transpò pou rezidan ak vizitè yo. Envestisman an ki fè pati DRI a pral kontinye elan devlopman ak elan ekonomi an te pran nan dezyèm pi gran vil ki gen nan rejyon an ak atravè tout New York Santral la nèt”.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Vil Auburn lan an kwasans epi investisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a pral akselere plis devlopman ak kwasans. Soti nan revitalizasyon bò rivaj rivyè a rive nan amelyorasyon transpò ak distri atizay la, investisman sible 10 milyon dola nou an pral ede fè plan olistik vil la genyen pou transfòme sant vil Auburn lan, vin yon reyalyte”.

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare,** “Pou twazyèm ane deswit, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a ap pote vrè rezilta pou anpil douzèn kominote atravè eta a. Vil Auburn lan, yo te deja rekonèt li kòm ‘meyè ti vil pou elve yon fanmi’ gen menm plis rezon ankò pou yo selebre jodi a. Avèk investisman sa a, Auburn pral wè yon sant vil an plen esò ak bò rivaj rivyè florisan pandan n ap travay ansanm pou nou prezève ak amelyore kominote New York Santral enpòtan sa a”.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** “Atravè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a, investiman sible k ap fèt nan Auburn sou direksyon kominote sa yo pral melanje ak investisman 190 milyon dola HCR ap fè nan New York Santral la pandan sèt dènye ane ki sot pase yo ki te kreye lojman abòdab pou apeprè 7,700 rezidan pou ede asire ke pandan ekonomi rejyon an kontinye devlope, tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo patisipe. Nan Eta New York, nou chance pou nou gen yon Gouvènè ki konprann jan pou konstwi reyisit ekonomik enkliziv alontèm”.

**De Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral la yo, Doktè Danielle Laraque-Arena ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sistèm Sante, Inivèsite Medikal Rejyon Nò SUNY an (SUNY Upstate Medical University, Health System) ak Randy Wolken, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosiyasyon Fabrikan Rejyon New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York, MACNY) te deklare,** “Felisitasyon a Vil Auburn lan paske yo kreye yon plan vizyonè trè solid, youn ki pral ede plante ti biznis ak kominote antreprenaryal lokal yo, estimile kwasans djòb epi asire amelyorasyon kalite lavi tout moun k ap viv nan Auburn”.

**Majistra Vil Auburn lan, Michael D. Quill Sr. te deklare,** “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a pral vrèman transfòme Vil Auburn lan. Nou rekonesans pou angajman Gouvènè Cuomo pral anvè Auburn lan epi nou paka tann pou n wè plis opòtinite devlopman ekonomik nan nouvo Auburn revitalize nou an”.

**Prezidan Lejislati Konte Cayuga a, Patrick Mahunik, te deklare,** “Fon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral vrèman transfòme Vil Auburn lan. Li pral kreye yon bann opòtinite devlopman ekonomik, estimile kwasans djòb nan vil la ak atravè tout New York Santral, epi atire nouvo rezidan tankou vizitè. Mwen remèsye Gouvènè

Cuomo pou vizyon l genyen pou inisyativ sa a, ak pou angajman l pran anvè yon Auburn revitalize”.

Pwochèman, Auburn pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize sant vil li a ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI la. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Auburn li pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou reyalizasyon. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Auburn pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan Auburn genyen pou twazyèm faz DRI la pral fini an 2019.

### **Akselere “CNY Rising”**

Anons jodi a vin konplete pwojè “CNY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi pase 4.7 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising ak yon envestisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou [www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative](http://www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative).

###

W’ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)